

<b>Saffir-Simpson hurricane scale</b>	<b>echèl Safi-Simpsonn</b>	Li klase siklòn yo selon presyon atmosferik ki nan sant lan, selon vitès van an, epi selon dega materyèl posib sou yon echèl ki varye ant Kategori 1 ak Kategori 5.
<b>salt</b>	<b>sèl</b>	Yon konpoze iyonik ki fòme avèk yon kasyon ki sòti nan yon baz epi ak yon anyon ki sòti nan yon asid.
<b>saturated solution</b>	<b>solisyon satire</b>	Solisyon ki gen ladan kantite maksimòm solit ki fonn pou yon kantite sòlvan ki konsidere nan yon tanperati ak yon presyon espesifik.
<b>scalars</b>	<b>eskalè</b>	Kantite, tankou tanperati oswa distans, ki se nonm jis san okenn direksyon.
<b>scales</b>	<b>kal</b>	plak zo mens ki prezante sou divès kalite fòm ak gwosè epi ki fòme sou po plizyè pwason oswa reptil.
<b>scavengers</b>	<b>chawoya</b>	zannimo ki manje chanwony zannimo ki deja mouri.
<b>scientific law</b>	<b>lwa syantifik</b>	Li dekri yon relasyon nan lanati anpil eksperyans sipòte.
<b>scientific methods</b>	<b>metòd syantifik</b>	Pwosedri savan yo itilize pou reyini enfòmasyon epi reponn kesyon yo; li gen ladan tou obsèvasyon epi fè ipotèz, fè eksperyans, epi reyini ak entèprete rezilta yo.
<b>scientific notation</b>	<b>notasyon syantifik</b>	Yon kalite estenografi sanvan yo itilize pou ekspri yon nonm sou fòm yon multiplikati ak puisans 10.
<b>season</b>	<b>sezon</b>	peryòd kout chanjman klimatik akòz varyasyon regilye nan tanperati a, kantite èdtan lajounen, ak modèl tan ki asosye ak enklinezon aks tè a pandan l ap vire toutotou solèy la, sa ki lakòz doferan zòn latè resevwa kantite diferan radyasyon solèy.
<b>second</b>	<b>segonn</b>	Inite debaz Sistèm Entènasyonal pou tan.
<b>second law of thermodynamics</b>	<b>dezyèm lwa tèmodinamik</b>	Li endike pwosesis natirèl yo ale nan yon direksyon ki konsève oswa ogmante antwopi total linivè.
<b>secondary color</b>	<b>koulè segondè</b>	Se koulè jòn, syan ak majenta; yo chak pwodui lè yo konbine de (2) koulè primè.
<b>secondary succession</b>	<b>siksesyon segondè</b>	sekans chanjman ki fèt apre yon kominote disparèt akòz katastwòf natirèl oswa aksyon imen.
<b>secondary wave</b>	<b>onn segondè</b>	Onn seyismik ki lakòz patikil wòch yo deplase nan ang ki dwat ak direksyon onn lan.

<b>sediments</b>	<b>sediman</b>	Patikil solid ki depoze sou sifasn tè a ki ka fòme wòch sedimantè nan pwosesis tankou degradasyon, ewozyon, depozisyon ak litifikasyon.
<b>seed</b>	<b>grenn</b>	ògàn yon plant a grenn ki gen ladan yon anbriyon, yonr ezèb manje ak yon manto pwotektif; li pwoteje anbriyon an pou li pa seche epi li ka ede nan diseminasyon an tou.
<b>seismogram</b>	<b>sismogram</b>	Anrejistreman yon sismomèt pwodui; anrejistreman an ka bay trajektwa apa chak onn seyismik.
<b>selective permeability</b>	<b>pèmeyabilite selektif</b>	Karakteristik manbràn plasmatik ki konsève omeyostazi nan yon selil lè li pèmèt kèk molekil rete andedan selil la pandan li mete lòt yo deyò selil la.
<b>semen</b>	<b>espèm</b>	konbinezon espèmatoziyid ak fliyd nan vesikil seminal yo, glann pwostat, ak glann bilbo-iretral.
<b>semiconductors</b>	<b>semi-kondiktè</b>	Sibstans kondiktè, tankou silisyòm oswa jèmanyòm, ki, lè yo transfòme an dispozitif semi-kondiktè, ka anplifye ak kontwole siyal elektrik fèb atravè mouvman elektwon nan yon espas kritalen tou piti.
<b>seminal vesicles</b>	<b>vezikil seminal</b>	nan mal yo, se pè glann ki lokalize nan baz blad pipi a ki sekrete yon likid tankou likid miske andedan kanal deferan an.
<b>series circuit</b>	<b>sikui an seri</b>	Yon kalite sikui elektrik kote tout kouran an pase nan chak dispozitif epi kouran an menm toupatou; kouran li egal al diferans potansyèl la divize pa rezistans ekivalan an.
<b>sessile</b>	<b>sesil</b>	òganis ki tache nèt nan yon sifas.
<b>sex chromosomes</b>	<b>kwomozòm seksyèl</b>	nan imen, se 23yèm pè kwomozòm; li detèmine sèks yon moun epi li sipòte karakteristik ki asosye ak sèks.
<b>sex-linked traits</b>	<b>karakteristik ki asosye ak sèks</b>	karakteristik ki sou kontwòl jèn ki lokalize sou kwomozòm seksyèl yo.
<b>sexual reproduction</b>	<b>repwodiksyon seksyèl</b>	modèl repwodiksyon ki konsène pwodisyon ak fizyon alavni selil seksyèl aploiyid yo.
<b>shield volcano</b>	<b>vòlkan an boukliye</b>	Gwo vòlkan ki gen kòn ki yon ti jan panche; kòn sa yo fòme nan eripsyon non-eksploziv lav bazaltik ki akimile an kouch.
<b>short circuit</b>	<b>kou-sikui</b>	Fèt lè sikui ki gen yon rezistans trè fèb fòme; sa ki lakòz yon kouran trè fò ki ka mete dife fasilman nan fil ki twò cho.

<b>significant figures</b>	<b>chif siyifikatif</b>	Nonm tout chif koni ki rapòte nan mezi plis yon chif estime.
<b>silicate</b>	<b>silikat</b>	Mineral ki gen silikòn (Si) ak oksijèn.
<b>simple harmonic motion</b>	<b>mouvman amonik senp</b>	Yon mouvman ki fèt lè fòs rapèl sou yon objè dirèkteman pwopòsyonèl ak deplasman objè a nan ekilib la.
<b>sinkhole</b>	<b>dolin</b>	Depresyon nan sifas tè a ki fòme lè yon gwòt efondre oswa lè yon sibstra woche fonn akòz lapli asid oswa sòl imid.
<b>skeletal muscle</b>	<b>misk eskeletik</b>	yon kalite misk volontè ki tache ak zo yo epi ki deplase zo yo eskèlèt la.
<b>small intestine</b>	<b>ti trip</b>	tib miskilè ki mezire apeprè 6 mètr kote disjesyon an fini; li konekte lestomak la ak gwo trip la.
<b>smog</b>	<b>esmòg</b>	Brim jòn-bren fotochimik ki pwodui lè radyasyon solèy la aji sou lè polye a avèk idwokabi ak oksid azòt ki degaje nan mòflè machin yo.
<b>smooth muscle</b>	<b>misk lis</b>	Kalite misk envolontè ki nan pawa ògàn entèn yo ak nan veso sangen yo; fonksyon pi komen li se sere, pou yo ka fè presyon andedan tib oswa ògàn li antoure a.
<b>soil</b>	<b>sòl</b>	Kouch lach wòch patinen ak matyè òganik dekonpoze ki kouvri sibstra woche tè a epi ki gen ladan tekstire, fètil ak kolore; se wòch mè ak kondisyon anviwònman li ki detèmine konpozisyon li.
<b>soil horizon</b>	<b>orizon sòl</b>	Yon kouch diferan nan yon pwofil sòl.
<b>solar eclipse</b>	<b>eklips solèy</b>	Fèt lè lalin lan pase ant tè a ak solèy la epi lalin lan pwojte yon lonbraj sou tè a, sa ki anpeche latè wè solèy la; li ka pasyèl oswa total.
<b>solar flare</b>	<b>eripsyon solèy</b>	Eripsyon vyolan radyasyon ak patikil sifas solèy la ki asosye avèk tach solè yo.
<b>solar wind</b>	<b>van solè</b>	Van ki chaje patikil k ap soufle nan tout sistèm solè a epi ki kòmanse lè gaz ap koule aleksteryè kouwòn solèy la avèk gwo vitès.
<b>solenoid</b>	<b>solenoyid</b>	Yon bobin fil long ki gen plizyè sikui fème; chan ki nan chak sikui fème ajoute ak chan lòt sikui fème yo, sa ki kreye yon pi gwo puisans total.
<b>solid</b>	<b>solid</b>	Yon fòm matyè ki gen pwòp fòm ak volim defini li, ki enkonpreyansib epi ki devlope enpe sèlman lè li chofe.

<b>solubility</b>	<b>solibilite</b>	Kantite maksimòm solit k ap fonn nan yon kantite sòlvan konsidere nan yon tanperati ak yon presyon espesifik.
<b>soluble</b>	<b>solib</b>	Dekri yon sibstans ki ka fonn nan yon sòlvan konsidere.
<b>solute</b>	<b>solit</b>	Yon sibstans ki fonn nan yon solisyon.
<b>solution</b>	<b>solisyon</b>	yon melanj inifòm ki ka gen ladan solid, likid oswa gaz; li rele melanj omojèn tou.
<b>solvent</b>	<b>sòlvan</b>	Sibstans ki fonn yon solit pou fòme yon solisyon.
<b>somatic nervous system</b>	<b>sistèm nève somatik</b>	pati sistèm nève a ki konpoze avèk nè kranyen, nè espinal ak tout branch yo; se pasaj ki retransmèt enfòmasyon ant po a, CNS (Kondisyon Nesesè Sifizan) ak misk eskèlèt yo.
<b>sonar</b>	<b>sona</b>	Se itilizasyon onn sonò pou detekte ak mezire objè ki anba dlo.
<b>sound wave</b>	<b>onn sonò</b>	Yon varyasyon presyon ki retransmèt atravè matyè kòm yon onn lonjitidinal; li reflete, li entèfere epi li gen frekans, longèdonn, vitès ak anplitid.
<b>spawning</b>	<b>pwoliferasyon</b>	metòd repwodiksyon nan pwason ak nan kèk lòt zannimo kote yon gwo kantite ze fekonde deyò kò a.
<b>speciation</b>	<b>espesyasyon</b>	pwosesis evolisyon nouvo espès ki rive lè manm popilasyon sanblab yo pa kwaze ankò pou pwodui pwojeniti fètil nan anviwònman natirèl yo.
<b>species</b>	<b>espès</b>	gwoup òganis ki ka kwaze pou pwodui pwojeniti fètil nan lanati.
<b>specific gravity</b>	<b>gravite espesifik</b>	Rapò ant pwa yon sibstans ak pwa volim H <sub>2</sub> O ki egal al 4°C (4 degre Sèlisyis).
<b>specific heat</b>	<b>chalè espesifik</b>	Kantite chalè ki nesèsè pou ogmante tanperati yon gram yon sibstans a yon degre Sèlisyis.
<b>spectrum</b>	<b>espèk</b>	Aranjman limyè vizib ki òdone selon longèdonn lan.
<b>sperm</b>	<b>espèm</b>	selil sèksyèl aployid mal; se meyozyòz ki pwodui li.
<b>spore</b>	<b>espò</b>	Kalite selil repwodiktif aployid (n) ki gen yon manto eksteryè di ki fòme yon nouvo òganis san fizyon gamèt yo.
<b>spring</b>	<b>sous</b>	Dechaj natirèl nap freyatik sifas tè a kote yon kouch akwifè ak yon akwiklid antre an kontak.

<b>stalactite</b>	<b>estalaktit</b>	Depo dripstòn an fòm kòn oswa silendrik kabonat kalsyòm ki deplwaye tankou yon glason ki nan fon yon gwòt.
<b>stalagmite</b>	<b>estalagmit</b>	Depo dripstòn an fòm montikil dripstòn kabonat kalsyòm ki fòme nan fon yon gwòt anba yon estalaktit.
<b>stamen</b>	<b>etamin</b>	ògàn repwodiktif mal yon flè ki gen ladan yon antè ak yon filaman.
<b>states of matter</b>	<b>eta matyè</b>	Fòm fizik ki pèmèt egzistans natirèl tout matyè sou tè a—anjeneral pifò matyè yo sou fòm solid, likid oswa gaz.
<b>steady-state theory</b>	<b>teyori kreyasyon kontini</b>	Teyori sa a pwopoze pou linivè rete jan li te ye a.
<b>stem</b>	<b>tij</b>	ògàn plant ki pèmèt sipò ak devlopman; li gen ladan tisi ki pote manje, dlo ak lòt sibstans; se ògàn ki pèmèt fèy yo devlope. Li ka sèvi kòm ògàn estokaj manje; tij vèt yo ka reyalize fotosentèz la.
<b>steroids</b>	<b>estewoyid</b>	Lipid ki gen plizyè nwayo siklik nan estrikti yo.
<b>stimulus</b>	<b>estimilis</b>	nenpòt sa ki nan anviwònman entèn oswa ekstèn yon òganis ki lakòz òganis lan reyaji.
<b>stoichiometry</b>	<b>estekyometri</b>	Se etid relasyon kantitatif ant kantite reyaktif ki itilize ak pwodui yon reyaksyon chimik fòme; li baze sou lwa konsèvasyon mas.
<b>stomach</b>	<b>lestomak</b>	agrandisman miskilè aparèy dijestif la tankou pòch vantral; se kote dijesyon chimik ak fizik fèt.
<b>stomata</b>	<b>estomat</b>	ouvèti nan tisi fèy yo ki kontwole echanj gaz la.
<b>storm surge</b>	<b>onn tanpèt</b>	Pwodui lè van puisan ki gen fòs ouragan mennen yon montikil dlo oseyan nan rivaj la, kote li lave sifas tè a, sa ki lakòz gwo domaj souvan.
<b>strain</b>	<b>tansyon</b>	Defòmasyon sibstans akòz efò.
<b>stratosphere</b>	<b>estratosfè</b>	Kouch atmosferik ki anwo twoposfè a epi ki anba mezofè a; li gen aldan yon kouch ozòn ki fòme yon kouch pwotektè kont reyon iltravuyolè yo.
<b>streak</b>	<b>trene</b>	Koulè yon mineral kite lè li fwote atravè yon asyèt pòslèn ki pa vitre oswa lè li kase ak li an poud.
<b>stress</b>	<b>estrès</b>	Fòs pou chak è inite ki aji sou yon sibstans—konpresyon, tansyon ak sizayman.

<b>strong acid</b>	<b>asid fò</b>	Yon asid ki iyonize nèt nan solisyon akez (solisyon ki gen dlo).
<b>subduction</b>	<b>sibdiksyon</b>	Pwosis ki pèmèt yon plak tektonik glise anba yon lòt plak tektonik.
<b>sublimation</b>	<b>siblimasyon</b>	Pwosis ki pèmèt yon solid chanje lantman an yon gaz san li pa transfòme an likid anvan sa.
<b>substance</b>	<b>sibstans</b>	Yon fòm matyè ki gen yon konpozisyon inifòm ak konstan; li se yon sibstans pi tou.
<b>succession</b>	<b>siksesyon</b>	chanjman natirèl òdone ak ranplasman espès ki fèt nan kominote yon ekosistèm sou yon peryòd tan.
<b>summer solstice</b>	<b>sòlstis ete</b>	Fèt lè solèy la chofo dirèkteman a 23.5° latitud nò, apeprè nan dat 21 jen, epi sa lakòz gen maksimòm èdtan lajounen pou emisfè nò ak minimòm èdtan ak minimòm èdtan pou emisfè sid.
<b>sunspot</b>	<b>tach solè</b>	Tach nwa sou sifas fotosfè a ki dire anjeneral de (2) mwa, li pwodui an pè epi li gen yon penonm ak yon onm.
<b>supercell</b>	<b>sipèselil</b>	Tanpèt ki puisan anpil, otosifizan epi ki fòme avèk anpil kourandè wotatif.
<b>superconductor</b>	<b>siprakondiktè</b>	Yon sibstans ki gen rezistans zewo ki ka kondui elektrisite san okenn pèt enèji.
<b>supernova</b>	<b>sipènova</b>	Gwo eksplozyon ki fèt lè kouch eksteryè yon etwal vole ale.
<b>superposition</b>	<b>sipèpozisyon</b>	Prensip ki endike nan yon sekans wòch trankil, kouch wòch ki pi ansyen yo chita nan fon epi chak kouch siksesif (youn apre lòt) pi jenn pase kouch ki nan fon an.
<b>supersaturated solution</b>	<b>solisyon sisatire</b>	Li gen plis solit ki fonn pase yon solisyon satire ki nan menm tanperati a.
<b>surface current</b>	<b>kouran sifas</b>	Mouvman ewolyen dlo oseyan ki afekte espesyalman kèk santèn mètr ki anwo oseyan an.
<b>surface tension</b>	<b>tansyon sifas</b>	Enèji ki nesesè pou ogmante sifas yon likid a yon kantite; sa sòti nan yon distribisyon inegal fòs atraktif.
<b>surfactant</b>	<b>tansyo-aktif</b>	Yon konpoze, tankou savon, ki diminye tansyon sifas dlo lè li boulvèse lyezon idwojèn ant molekil dlo yo; li rele tou yon ajan aktif sifas.
<b>suspension</b>	<b>sispansyon</b>	Yon kalite melanj etwojèn ki gen patikil ki fòme depo sou yon epyòd tan epi ki ka separe avèk melanj lan nan filtrasyon.

<b>symbiosis</b>	<b>senbyoz</b>	asosyasyon etwa ak pèmanan ant de (2) oswa plizyè òganis diferan espès.
<b>symmetry</b>	<b>simetri</b>	yon tèm ki dekri aranjman estrikti kò.
<b>sympathetic nervous system</b>	<b>sistèm senpatik</b>	divizyon sistèm nève otonòm ki kontwole anpil fonksyon kò pandan moman estrès.
<b>synapse</b>	<b>sinaps</b>	espas tou piti ant aks yon newon ak dandrit yon lòt newon kote yon enfli nève dwe pase.
<b>synthesis reaction</b>	<b>reyaksyon sentèz</b>	Yon reyaksyon chimik kote de (2) oswa plizyè sibstans reyaji pou fòme yon sèl pwodui.
<b>system</b>	<b>sistèm</b>	Nan tèmochimi, se pati espesifik linivè ki gen ladan reyaksyon oswa pwosesis ki aletid la.